



## MODUL AJAR

### INFORMASI UMUM

<b>Nama Sekolah</b>	SMK Negeri 1 Cangkringan	<b>Tahun Ajaran</b>	2021/2022
<b>Kelas/ Semester</b>	XI/Gasal	<b>Mapel</b>	Bahasa Jawa
<b>Alokasi Waktu</b>	3 x 45 menit	<b>Guru</b>	Sasana Wati, S.S.
<b>Jurusan</b>	APHP, ATR, APL, TKRO	<b>Elemen</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Memahami pranatacara dari berbagai media</li> <li>Praktik pranatacara</li> </ul>

<b>Deskripsi/ Capaian Pembelajaran</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.</li> <li>Mengolah, menalar, dan menyaji dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya.</li> </ul>
<b>Kompetensi Awal</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Peserta didik dapat mampu menemukan kata-kata sukar yang terdapat di dalam teks pranatacara dan mengetahui artinya</li> <li>Peserta didik mampu membuat cengkorongan pranatacara dan mengembangkannya dengan menerapkan unggah-ungguh atau sikap berbicara yang baik</li> </ul>
<b>Profil Pelajar Pancasila</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Beriman dan bertaqwa kepada Tuhan YME</li> <li>Kreatif</li> <li>Berkebinekaan global</li> <li>Gotong royong</li> <li>Bernalar kritis</li> </ul>
<b>Sarana &amp; Prasaran yang Digunakan</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Luring: Laptop/PC, Proyektor, Video Pranatacara</li> <li>Daring: Laptop/PC, Smartphone, Youtube, GC, WAG.</li> </ul>
<b>Target Peserta Didik</b>	Peserta didik umum/reguler
<b>Model Pembelajaran yang Digunakan</b>	<i>Discovery Based Learning</i>

### KOMPONEN INTI

#### Tujuan Pembelajaran

Peserta didik mampu mempraktikkan pranatacara secara individu dengan memperhatikan unggah-ungguh yang baik dan benar setelah menafsirkan penyajian pranatacara dari sumber yang disajikan.

#### Pemahaman Bermakna

Tiyang ingkang kaanggep nggadhahi kawasisan ing bab olah basa tuwin sastra supados ndherekaken lampahing upacara ngantos paripurna ingkang asring sinebat panata laksana, paniti laksana, utawi pranatacara



### Pertanyaan Pemantik

- Menapa pra siswa nate ningali tiyang ingkang kajibah dados pranatacara?
- Menapa pra siswa wonten ingkang sampun nate damel cengkorongan pranatacara?

### Persiapan Pembelajaran

- Memastikan peserta didik telah bergabung di grup kelas yang telah dibuat oleh guru.
- Mengecek kehadiran peserta didik.
- Mengkondisikan semua peserta didik siap mengikuti kegiatan belajar mengajar.

### Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 1

#### Pendahuluan

- Peserta didik telah bergabung di grup kelas yang telah dibuat oleh guru mapel dengan kode kelas yang dishare guru.
- Cek presensi siswa
- Kondisikan semua siswa telah siap mengikuti kegiatan belajar dengan dibagi menjadi 4 kelompok
- Sajikan materi di google Classroom tentang pranatacara
- Memberikan kesempatan kepada siswa untuk menjelaskan pengertian pranatacara.

#### Kegiatan Inti

- **Orientasi siswa pada masalah:**  
Peserta didik mencermati pengertian pranatacara, struktur/ cengkorongan pranatacara, jenis pranatacara, sifat-sifat pranatacara menurut ancas/ tujuan, sifat-sifat pranatacara menurut isi dan bahasa dari materi yang disajikan di GC dengan penuh tanggungjawab.
- **Mengorganisasi siswa untuk belajar**  
Peserta didik bertanyajawab dengan kelompoknya tentang pengertian pranatacara, struktur/ cengkorongan pranatacara, jenis pranatacara, sifat-sifat pranatacara menurut ancas/ tujuan, sifat-sifat pranatacara menurut isi dan bahasa.
- **Membimbing penyelidikan individual maupun kelompok**  
Peserta didik mencari informasi secara proaktif tentang pengertian pranatacara, struktur/ cengkorongan pranatacara, jenis pranatacara, sifat-sifat pranatacara menurut ancas/ tujuan, sifat-sifat pranatacara menurut isi dan bahasa yang tersaji dengan *jujur dan bertanggung jawab*
- **Mengembangkan dan menyajikan hasil**  
Peserta didik menyimpulkan dan menyajikan pengertian pranatacara, struktur/ cengkorongan pranatacara, jenis pranatacara, sifat-sifat pranatacara menurut ancas/ tujuan, sifat-sifat pranatacara menurut isi dan bahasa dengan percaya diri.
- **Menganalisis dan mengevaluasi proses pemecahan masalah**  
Peserta didik menganalisis hasil yang telah disajikan

#### Penutup

- Peserta didik mempresentasikan secara singkat pengertian pranatacara, struktur/ cengkorongan pranatacara, jenis pranatacara, sifat-sifat pranatacara menurut ancas/ tujuan, sifat-sifat pranatacara menurut isi dan bahasa.
- Guru memberikan tugas tak terstruktur : mengerjakan latihan soal yang disajikan di GC.

### Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 2

#### Pendahuluan

- Mengecek kehadiran peserta didik
- Memastikan semua peserta didik telah siap mengikuti kegiatan pembelajaran.

#### Kegiatan Inti

- **Membimbing penyelidikan individual maupun kelompok**  
Peserta didik mengamati pranatacara dari berbagai sumber dengan penuh semangat dan tanggungjawab
- **Mengembangkan dan menyajikan hasil**
  - ✓ Peserta didik menyusun kerangka pranatacara dengan penuh tanggung jawab.
  - ✓ Peserta didik mengembangkan kerangka pranatacara menjadi teks pranatacara dengan baik dan penuh tanggung jawab



### Penutup

Peserta didik mempresentasikan kerangka pranatacara dan pengembangan kerangka pranatacara tersebut dengan percaya diri.

### Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 3

#### Pendahuluan

- Mengecek kehadiran peserta didik
- Memastikan semua peserta didik telah siap mengikuti kegiatan pembelajaran.

#### Kegiatan Inti

- **Membimbing penyelidikan individual maupun kelompok**  
Peserta didik mengamati tata cara praktik pranatacara pada materi yang disajikan di GC
- **Mengembangkan dan menyajikan hasil**  
Peserta didik mempraktikkan pranatacara dengan percaya diri dan penuh tanggung jawab
- **Menganalisis dan mengevaluasi proses pemecahan masalah**  
Peserta didik menanggapi penampilan peserta didik lain yang mempraktikkan pranatacara dengan santun.

#### Penutup

Guru dan peserta didik menyimpulkan penampilan pranatacara yang baik berdasarkan *wicara, wiraga, wirama, wirasa*.

#### Asesmen

##### Pengetahuan

- (Formatif) melalui tugas mengerjakan soal latihan di GC

##### Keterampilan

- (Formatif) melalui penilaian praktik video pranatacara yang dikirim melalui GC

#### Pengayaan & Remedial

Peserta didik mengulang materi mengulang materi dari guru di *Google Classroom*

Peserta didik membuat video praktik pranatacara dengan tema acara yang diadakan di kampung tempat tinggal peserta didik.

#### Refleksi Peserta Didik & Guru

Peserta didik memberikan umpan balik kepadapeserta didik lain yang mempraktikkan pranatacara dengan memberikan apresiasi dan kritik, saran yang membangun.

Mengetahui  
WKS Kurikulum

Betty Mayasari, S.PT  
NIP 197603 200801 2 005

Sleman, 12 Juli 2021  
Guru Mata Pelajaran

Sasana Wati, S.S.

## Asesmen

### A. Pengetahuan

#### Petunjuk

1. Baca secara cermat Pranatacara berikut!

#### PANATACARA ING ADICARA SYAWALAN

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Karaharjan, katentreman sarta kabagyan paring dalem Allah ingkang Maha Asih, mugi tansah kajiwa kasarira dhumateng panjenenganipun para rawuh ingkang minulya.

Nuwun, para pepundhèn, para sesepuh saha para pinisepuh ingkang dahat kinabektèn.

Para pangembating praja ingkang sinudarsana. Bapak-bapak, ibu-ibu, para kadang sepuh anem, para rawuh kakung miwah putri ingkang sinuba ing pakurmatan.

Keparenga kula mambeng saha nggempil kamardikan panjenengan sadaya, awit kula piniji saking panitya, kinèn ngaturaken urut reroncèning acara ing wekdal menika.

Namung sadèrèngipun kula ngaturaken rantamaning acara menika, sumangga kula dhèrèkaken ngonjukaken puji syukur wonten ngarsa dalem Gusti Inkang Maha Agung, karena sih wilasa miwah barokah ingkang rumentah dhumateng panjenengan sadaya dalasan kula, satemah ing kalenggahan menika saged makempal kanthi pinayungan karaharjan, tebih saking rubéda nir ing sambékala. Amin.

Nun inggih para lenggah ingkang sinuba ing pakurmatan, keparenga panatacara murwani lekasing sedya ingkang menika énggal badhé binuka lampahing titilaksana acara syawalan, kanthi ngaturaken reroncèning acara ingkang sampun karantam déning panitya, nun inggih:

1. (Acara ingkang angka sepisan) pambuka
2. (Angka kalih) waosan kitab suci Al-Qur'an
3. (Déné ingkang angka tiga inggih menika) atur pambagyaharja
4. (Acara angka sekawan) pratignya syawalan saking wiranèm
5. (Inkang angka gangsal) pratignya syawalan saking warga
6. (Déné ingkang angka enem) pratignya syawalan saking pengurus
7. (Acara ingkang angka pitu) inggih menika panampining pratignya syawalan
8. (Acara ingkang angka wolu) inggih menika jawat asta
9. (Acara ingkang angka sanga) inggih menika suméné sawetawis
10. (Tataran acara ingkang angka sedasa) katerangan bab syawalan utawi hikmah syawalan
11. (Ndungkap acara ingkang angka sewelas utawi ingkang pungkasan) inggih menika panutup

Mekaten para rawuh ingkang minulya, rantamaning adicara ing kalenggahan menika. Minangka pratandha pambukaning adicara, sumangga kula dhèrèkaken sesarengan manungku puja konjuk wonten ngarsa dalem Allah ingkang Maha Agung, miturut agami saha kapitadosanipun piyambak-piyambak. Sumangga kula dhèrèkaken.

.....  
Cekap, matur nuwun.

Para lenggah ingkang bagya mulya, acara ingkang angka kalih inggih menika waosan kitab suci Al-Quran. Pramila dhumateng paraga ingkang sampun kapiji nenggih sedhèrèk..... kula sumanggakaken.

.....  
Kaaturaken aguning panuwun dhumateng sedhèrèk ..... mugi-mugi amal saé panjenengan pikantuk pituwas ganjaran saking ngarsa dalem Allah SWT. Mekaten ugi tumrap ingkang midhangetaken, mugi-mugi Allah kepareng ngluberaken rahmatipun. Amin.

Bapak-bapak, ibu-ibu, tuwin para lenggah ingkang dahat kinurmatan, ndungkap acara ingkang angka tiga inggih menika atur pambagyaharja saking pangarsaning panitya ingkang badhé dipunsalirani déning panjenenganipun bapak..... dhumateng penjenenganipun bapak ..... kula sumanggakaken.

.....  
Para rawuh ingkang dahat kinurmatan, mekaten atur pambagya saking pangarsaning panitya, kanthi terang trewaca wijiling pangandika ngaturaken pambagya. Salajengipun, acara ingkang angka sekawan inggih menika pratignya syawalan saking para wiranem kukuban ..... ingkang badhé dipunsalirani déning sedhèrèk ..... dhumateng sedhèrèk ..... kula sumanggakaken.

.....  
Matur nuwun dhumateng sedhèrèk ..... minangka sulhipun para mudha wewengkon..... Salajengipun, adicara ingkang angka gangsal inggih menika pratignya syawalan saking warga kukuban ..... ingkang badhé dipun sarirani dening panjenenganipun bapak ..... minangka wakiling sedaya warga. dhumateng panjenenganipun bapak ..... kula sumanggakaken.

.....  
Agunging panuwun katur dhumateng panjenenganipun bapak ..... ingkang sampun kepareng nyulahi sedaya warga. Pratignya syawalan salajengipun inggih menika saking pengurus wewengkon ....., ingkang badhé dipunsalirani dening panjenenganipun bapak ..... dhumateng panjenenganipun bapak ..... kula sumanggakaken

.... Sampun purna pangandikan saking panjenganipun Bapak ..... minangka sulihing sedaya pengurus.

Para lenggah ingkang minulya, ndungkap acara ingkang angka pitu inggih menika panampining pratignya syawalan saking para wiranem, saking sedaya warga tuwin saking para pengurus dening

sesepuh pangarsaning wewengkon ..... ingkang badhé katindakaken déning panjenganipun bapak..... dhumateng penjenganipun bapak ..... wekdal kula sumanggakaken.

Terang trewaca wijiling pangandikan saking panjenganipun bapak ..... nampi saha hananggapi pratignya syawalan ingkang sampun katur ing ngajeng. Dhumateng pajenganipun bapak ..... kula aturaken agunging panuwun.

Para rawuh ingkang minulya, ndungkap acara ingkang angka wolu inggih menika jawat asta. Dhumateng panjenganipun bapak sesepuh pangarsaning kampung kasuwun kapareng jumeneng, nampi jawat asta kawiwitan saking para pinisepuh, lajeng para pengurus, kasambet dening sedaya warga, mekaten ngantos waradin. Wekdal sacekapipun kula sumanggakaken.

Para rawuh ingkang dahat kinurmatan, atur uninga bilih acara ing kalenggahan menika dèrèng purna. Tataran adicara ingkang angka sanga inggih menika suméné sawetawis. Dhumateng para rawuh, sumangga kepareng lenggah kanthi mardikaning penggalih ngrahabi dhaharan saha unjukan ingkang sampun kacawisaken déning panitya. Minangka panglipur sawetawis, badhé katur pasugatan lumantar pita swara. Dhumateng kadang panata swara kula sumanggakaken.

Nuwun para lenggah ingkang dahat kinurmatan, kepareng sumela atur, ndhèrèk nggempil kamardikan panjenengan sami, awit badhé katur sambeting adicara.

Jumbuh kaliyan urutan reroncèning acara ingkang sampun katur wonten ngajeng, tataran adicara ingkang angka sedasa inggih menika hikmah syawalan ingkang badhé dipunwedhar déning panjenenganipun bapak ..... dhumateng panjenenganipun bapak ..... wekdal saha papan kula sumanggakaken.

Mekaten para rawuh, katerangan bab syawalan saking panjenenganipun bapak .....

mugi-mugi sageda andayani tambahan seserepan saha kathah gina paedahipun tumrap kula lan panjenengan sedaya. Dhumateng bapak ..... kula aturaken agunging panuwun.

Para lenggah ingkang dahat kinurmatan, ndungkap adicara ingkang pungkasan inggih menika panutup. Sumangga pepanggihan ing wekdal menika kapungkasi sesarengan kanthi atur panuwun wonten ngarsaning dalem Allah SWT ingkang Maha Agung, déné acara syawalan ing kalenggahan menika saking purwa, madya, dumugi wasana saged kaleksanan kanthi raharja tebih saking sambékala. Donga puji syukur kula sumanggakaken miturut agami saha kapitadosanipun piyambak- piyambak, sumangga..... Cekap, matur nuwun

Mbok bilih anggen kula ngayahi jejibahan kathah atur saha patrap ingkang boten ndadosaken

renaning penggalih, amargi cupeting seserepan kula ing rèh subasita, basa tuwin sastra, kula nyuwun rumentahing agunging pangaksami saking panjenengan sedaya. Wasana sugeng kondur, mugi-mugi rahayu ingkang tansah pinanggih. Nuwun, matur nuwun.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

2. Setelah itu, jawablah pertanyaan berikut!

Berdasarkan Pranatacara yang diberikan, jawablah pertanyaan- pertanyaan berikut untuk mengetahui pemahaman kalian tentang Pranatacara!

1. Kening menapa rikala dados Pranatacara kita kedah ngaturaken atur pakurmatan dhumateng pararawuh?
2. Sinten kemawon ingkang kedah dipunaturi pakurmatan ing sesorah menika?
3. Kening menapa rikala dados Pranatacara boten perlu nyebat kalenggahanipun para rawuh kanthi rinci?
4. Menapa ingkang kedah dipungatosaken rikala badhe ngaturaken atur pakurmatan?
5. Tembung-tembung ingkang kadospundi kangge ngaturaken pakurmatan menika?

**Rubrik/Kriteria Penilaian Hasil Memahami Pranatacara**

No.	Aspek dan Kriteria	Skor
	1. Kening menapa rikala sesorah kita kedah ngaturaken atur pakurmatan dhumateng pararawuh?	20
	2. Sinten kemawon ingkang kedah dipunaturi pakurmatan ing sesorah menika?	20
	3. Tembung-tembung ingkang kadospundi kangge ngaturaken pakurmatan menika?	20
	4. Menapa ingkang kedah dipungatosaken rikala badhe ngaturaken atur pakurmatan?	20
	5. Kening menapa rikala sesorah boten perlu nyebat kalenggahanipun para rawuh kanthi rinci?	20
	Total Skor	100

Kunci Jawaban Tes Pengetahuan

Soal	Paragraf/Kalimat
1	Ngajeni para rawuh ingkang sami rawuh
2	<p>Para pepundhen, para sesepuh, para pinisepuh</p> <p>Panjenenganipun para sarjana sujana</p> <p>Para Alim Ulama</p> <p>Para satriya pangemban pangembating praja</p> <p>Panjenenganipun para Manggalaning Nagari, para nara praja</p> <p>Para kadang wredha mudha</p>
3	ngawekani bilih wonten kalepatan rikala nyebat kalenggahanipun para rawuh
4	<p>Ingang kedah dipun-gatosaken inggih menika:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Prayoginipun paningal dipuntujokaken dhateng sinten ingkang dipunsebat.</li> <li>2. Bilih badhe atur pakurmatan samadya kemawon, tembung ndakik pareng ananging ingkang saged dipunsuraos</li> <li>3. Boten perlu dipunsebat setunggal mbaka setunggal</li> <li>4. Boten perlu nyebat kalungguhanipun para rawuh kanthi rinci</li> <li>5. Bilih nyebat gelar kedah patitis, dipuntlesih saestu amrih trep.</li> </ol>
5	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Para sesepuh, aji sepuh, pepundhen, dwijawara, yatindra, yatiwara, jamhur menika kalenggahanipun sajajar pramila ngginakaken tembung-tembung: dahat kinurmatan, dahat sinungkeman, dahat kinajenan, dahat sinudarsana, dahat sinuyudan, dahat ingargya, satuhu bontosing kawruh tan keguh ing kewuh, dahat gambuh salwiring kawruh, satuhu prasida ing karya, satuhu sidik ing wacana, satuhu sampun sepi sepen ing sopana.</li> <li>2. Para wirotama, tamtama, manggalaning nagari, trahing witaradya, satriyaning nagari, sarjana-sujana, ahlul ingkang linangkung, warajana, narpa cundhaka, palala, amtenaring nagari migunakaken: ingkang tansah anggung amemardi pepoyaning kautaman, tansah anukarta-anuraga-amestuti titising tyas marsudi mardawaning budaya tulus, dahat kinurmatan, dahat sinuba sinukarta amakarti tuntunan edi, pantes anahen upasadana, ingkang minulya ing karya, ambek berbudi darma.</li> <li>3. Para rawuh wandawa, sanggyang kawula dasih, sanak kadang, pawong sumitra pitepangan tangga tepalih, sutresna, wiranem, migunakaken: ingkang dahat amengku puja-puji pudyastawa, dahat asih ing sasana, mahambek berbudi utami, ingkang anunggil jiwa ing budaya, ingkang sutresna ing palimarma, ingkang satuhu suka rena ing sasana, ingkang satuhu sadu ing budi.</li> </ol>



## B. Keterampilan

Petunjuk

Praktik Pranatacara dengan tema acara yang diadakan di kampung tempat tinggal peserta didik dengan Wicara, Wirama, Wirasa dan Wiraga yang tepat.

Pedoman Penskoran :

No.	Aspek dan Kriteria	Skor
1.	Wicara a. Pelafalan konsonan dan vokal sangat tepat b. Pelafalan konsonan dan vokal tepat c. Pelafalan konsonan dan vokal kurang tepat d. Pelafalan konsonan dan vokal tidak tepat	4 3 2 1
2.	Wirama a. Intonasi, irama, volume sangat tepat b. Intonasi, irama, volume tepat c. Intonasi, irama, volume kurang tepat d. Intonasi, irama, volume tidak tepat	4 3 2 1
3.	Wirasa a. Pengahaman terhadap Pranatacara sangat baik b. Pengahaman terhadap Pranatacara baik c. Pengahaman terhadap Pranatacara kurang baik d. Pengahaman terhadap Pranatacara tidak baik	4 3 2 1
4.	Wiraga a. Gestur dan mimik sesuai dengan isi teks Pranatacara b. Gestur dan mimik sesuai dengan isi teks Pranatacara c. Gestur dan mimik kurang sesuai dengan isi teks Pranatacara d. Gestur dan mimik tidak sesuai dengan isi teks Pranatacara	4 3 2 1

Perhitungan skor :

$$\text{Skor} = \frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$